

OGMANTE BIDJE POU MANJE ANGWO OU.

Kòmanse avèk SNAP epi resevwa èd pou peye pou manje – pou oumenm, ak pou nenpòt moun ou responsab.

StartWithSnap.org

AVÈK AVANTAJ SNAP (PWOGRAM ÈD NITRISYON SIPLEMANTÈ), OU KAPAB:

- **Ogmante bidjè pou manje angwo ou avèk lajan chak mwa** ou kapab itilize nan makèt ou chwazi toupatou nan eta a.
- **Kalifye timoun ou yo otomatikman pou manje gratis nan lekòl**, aplikasyon pa nesesè.
- **Ou kalifye otomatikman pou patisipe nan Pwogram Healthy Incentive Program (HIP)**, k ap pèmèt ou touche lajan anplis pou depanse nan manje angwo lè w ap achte fwi ak legim nan makèt patnè HIP yo.
- **Achte manje ou renmen**, k ap satisfè bezwen dyetetik ou, restriksyon akòz alèji, ak preferans kiltirèl.

Si ou gen pwoblèm pou peye pou manje angwo yo- kit w ap travay kit ou p ap travay ou kapab kalifye pou SNAP. Ale sou sitwèb **StartWithSNAP.org** oswa rele nimewo **1-800-645-8333** pou jwenn èd.



**PROJECT
BREAD**



NOU ISIT LA POU OU.

Rele Liy Dirèk FoodSource nan nimewo **1-800-645-8333** pou chèche konnen si ou kalifye pou SNAP avèk èd konseye nou yo ki resevwa anpil fòmasyon.

ENFÒMASYON SOU SNAP

SNAP se Pwogram èd Nitrisyon Sipleman, oswa, nan lòt mo, lajan pou achte manje. Si ou aplike epi ou kalifye, ou gen garanti pou resevwa avantaj yo—sou fòm yon peman lajan kach chak mwa nan yon kat EBT, ou kapab itilize sèlman tankou yon kat debi pou achte manje.

ÈSKE MWEN KALIFYE?

Si ou kapab itilize èd la pou achte manje, ou kapab kalifye! SNAP kapab ede ou kit w ap travay oswa kit ou nan chomaj nan moman an. Tout kalite moun, depi adilt selibatè jiska fanmi granmoun aje, resevwa avantaj SNAP—se yon avantaj ki la pou ogmante bidjè manje angwo ou. Rele Liy Dirèk FoodSource nou oswa ale sou sitwèb StartWithSnap.org pou jwenn plis enfòmasyon.

KISA POU MWEN FÈ SI MWEN PA YON SITWAYEN ETAZINI?

Eseye kontakte nou nan Liy Dirèk FoodSource (1-800-645-8333). Anpil moun ki pa sitwayen Etazini kalifye pou SNAP.

OU KONVENK MWEN KIJAN POU MWEN APLIKE MENM?

Prepare ou avèk enfòmasyon pèsònèl ou yo, tankou nimewo Sekirite Sosyal ou (si ou gen youn), dat nesans ou, adrès postal ou, nimewo telefòn ou, revni ou, ak depans ou. Answit, ou kapab:

- Rele Liy Dirèk FoodSource nan nimewo 1-800-645-8333
- Aplike nan òdinatè ou sou sitwèb dtaconnect.eohhs.mass.gov/apply
- Oswa telechaje yon fòm aplikasyon nan papyè nan mass.gov/SNAP, oswa rele Liy Dirèk FoodSource nou pou mande pou nou voye youn pou ou pa lapòs

Si ou gen pwoblèm pou peye pou manje angwo yo—kit w ap travay kit ou p ap travay ou kapab kalifye pou SNAP. Ale sou sitwèb **StartWithSNAP.org** oswa rele nimewo **1-800-645-8333** pou jwenn èd.



**PROJECT
BREAD**

